

Fè yo pa ka detekte VIH



Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo.
Rele **311** pou mande kopi gratis.

NYCTM
Health

Lè yo pa ka detekte li, yo pa ka bay lòt moun li

- Tretman VIH ka diminye kantite viris nan kò a nan nivo ki tèlman ba yo pa ka detekte viris la.
- Moun ki gen yon chaj viral yo pa ka detekte pou omwen sis (6) mwa **pa ka bay lòt moun VIH nan fè bagay.**
- Yo rele sa pa ka detekte egal ak pa ka bay.



Moun ki gen yon chaj viral yo ka detekte
ka bay lòt moun VIH nan fè bagay.

Trete VIH

- Medikaman pou trete VIH yo **san danje epi yo mache pi byen pase avan.**
- Lè yo pran li jan doktè ou preskri a, medikaman VIH yo ka redwi kantite viris ki nan kò yon moun.
- Pi bonè yon moun ki gen VIH kòmanse tretman, se mwens dega VIH ka fè nan kò li.



Medikaman VIH yo rele terapi antiretwoviral (antiretroviral therapy, ART). Pa gen okenn gerizon pou VIH, men ART ka ede diminye kantite viris ki gen nan kò ou. Pou fè medikaman yon pati nan woutin ou, enskri pou resevwa rapèl tèks lè ou voye yon tèks ki di **MEDS** bay **877877**.*

* Ou ka voye tèks nan lang angle oswa panyòl.

VIH ak Sante seksyèl



Si ou pa konnen si ou gen VIH, **al teste** - li rapid epi fasil. Li gratis nan Klinik Sante Seksyèl Depatman Sante Vil New York yo tou.



Si w enfekte ak VIH, toujou **pran medikaman ou** jan yo preskri a epi al wè yon doktè VIH pou egzamen woutin regilye.



Si ou pa gen VIH, **pran pwofilaksi apre kontak (pre-exposure prophylaxis, PrEP)** chak jou pou evite pran li.



Si ou nan relasyon, **itilize kapòt** souvan jan sa posib pou pwoteje tèt ou kont VIH, lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay, ak pou evite tonbe ansent si ou pa te planifye li.

Jwenn Sèvis

Gen sèvis kote ou ka jwenn tès, swen ak tretman pou VIH kèlkeswa sityasyon ou ak imigrasyon oswa kapasite ou pou peye:



Pou jwenn enfòmasyon sou tès VIH ki gratis oswa bon mache, ale sou **nyc.gov/health/clinics** oswa voye tèks ki di **TESTNYC** bay **877877*** pou jwenn yon biwo ki tou pre ou.



Pou w jwenn èd pou swen VIH, voye yon tèks ki di **CARE** bay **877877.***



Pou jwenn plis enfòmasyon sou PrEP, ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche **PrEP**.



Pou jwenn plis sipò, ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche **Ryan White Services** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram kowòdinasyon swen Depatman Sante a.

* Ou ka voye tèks nan lang angle oswa panyòl.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy



nychealth



nyc health

Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche **HIV Undetectable** (pa ka detekte)

Resevwa Dènye Bilten Sante

Voye yon imèl bay **healthbulletins@health.nyc.gov**



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradui. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.